

**PERBANDINGAN PANGGUNAAN MODÉL COOPERATIVE LEARNING  
TIPE TEAMS GAMES TOURNAMENT SARENG TWO STAY TWO STRAY  
KANA PANINGKATAN PAMAHAMAN KONSÉP MURID**

**DINA POKO BAHASAN IPA**

*(Kuasi Eksperimen di kelas V SD Negeri Sekarwangi Kacamatan Soréang  
Kabupatén Bandung dina Poko Bahasan IPA Taun Pangajaran 2018/2019)*

*ku*

**RIZKA DISA NURFAIDAH**

145060141

**RINGKESAN**

*Panalungtikan ieu dikasangukangan ku masalah handapna kamampuan pamahaman konsép IPA murid di sakola dasar. Tujuan panalungtikan ieu nyaéta kanggo ningali paningkatan kamampuan pamahaman konsép IPA siswa, terang kumaha pangaruh model Cooperative Learning tipe Teams Games Tournament sareng Two Stay Two Stray kana paningkatan pamahaman konsép IPA murid. Metode panalungtikan ieu nyaéta kuasi eksperimen anu dilakukeun ka murid kelas VA sareng VB di Sakola Dasar Negeri di Soréang. Instrumen panalungtikan anu digunakeun nyaéta lembar observasi sareng soal tés. Dumasar kana hasil panalungtikan ngahasilkeun kasimpulan yén: 1) henteu aya bédana paningkatan pamahaman konsép murid anu kengéng pangajaran ku ngagunakeun modél Cooperative Learning tipeu Teams Games Tournament sareng pamahaman konsép murid anu meroleh pangajaran ku ngagunakeun modél Cooperative Learning tipeu Two Stay Two Stray; 2) kualitas paningkatan pamahaman konsép murid anu meroleh pangajaran ku ngagunakeun modél Cooperative Learning tipeu Teams Games Tournament saageung 32.93% diartikeun interprétasi sedeng; 3) kualitas paningkatan pamahaman konsép murid anu meroleh pangajaran ku ngagunakeun modél Cooperative Learning tipeu Two Stay Two Stray saageung 23.56% diartikeun interprétasi handap.*

**Kecap Pamageuh:** *Cooperative Learning, Teams Games Tournament, Two Stay Two Stray, Pamahaman Konsép.*